Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН

№ 3 (7806)
15 Январь
Итни
2024 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. УНСОКОЛО РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА «САДОВОД»

## ТIолгороссиялъул форумалда – нилъер делегация



Гьаб соналъул I5-I6 январалда Москваялда унеб бугеб «Малая Родина-сила России»,-абураб ТIолгороссиялъул форумалда гIахьаллъулел руго нилъер районалдаса делигацияги. Гьелъие нухмалъи гьабулеб буго районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас.



Ишалъулаб программа унеб буго ВДНХялъул микьго повильеналда, форумалда рихьизаризе руго Россиялъул Федерациялъул суббъектазул хIасилал .

Программаялъул рамкаялда жанире рачун руго лъабго аслиял темаби: « Къуват буго гIадамазулъ», «Къуват буго церетIеялъулъ», «Къуват буго гIадатазулъ». Эксперталъул площадкаялда кIалъазе рахъине руго нилъерго чIахIиял ведомствабазул нухмалъулел, общественниял институтазул ишалъулал гIадамал.

I6 январалда букIине буго ТIолгороссиялъул «Служение» абурал премиял кьей. Премиял тIоцере чIезарун руго РФялъул Президент В.В.Путинил тIадкъаялда рекъон ва кьезе руго муниципалитетазул командабазе, общество цебетIеялъулъ жигараб бутIа лъуразе, гIадамазул гIумро гьабиялъул даража борхизабуразе.

Терроризм - экстремизм

## ХIинкъи гьечIолъи букIинабизе



Гьал къоязда РДялъул бетIер С.Меликовас РДялъул терроризмалде данде чIараб комиссиялъул данделъи тIобитIа-на оперативияб штабалъулгун цадахъ. Гьенир балагьана миллатазулгун диназул суалазда хурхун сепаратлъиялъулгун утро-националияб гъира-цIаялъул ишаздалъун гIадлу хвезабиял халкъазда гьоркьор ккезе биччангутIиялъул суалазухъ. Гьединго тIадчIей гьабуна гIадамал ракIарарал бакIазда хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул рахъалъги. Гьенибго республикалъул БетIерас бихьизабула данделъи тIобитIулеб бугин араб соналъул 22 ноябралда РФялъул Президент В.В. Патиница кьураб тIадкъаялда рекъон.

Республикаялда хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъул мурадалда гIемерал тадбирал гьаризе руго гьаб сонала, кидаго хъаравулъилда гьоркь букIине буго гьеб суал.

РДялъул Правительствалда

## Йод гIунгутIи лъугIизубиялъе

Дагъистаналда бугеб йод гIунгутIиялъул захIмалъи лъугIизабиялъе Правительствалъ хIисабалде босун буго гьеб проект гIи-боцIухъан лъиялъун продукциялъул кумекалдалъун гIумруялде бахъинабизе.

Гьеб мурадалда исана гьаризе руго гIемерал экспериментал.

Федерациял кIваралъун гIолилазабазулгун дандчIваялда РДялъул Правительствалъул председатель А. Абулмуслимовас бихьизабула гIи-боцIуе кьолеб йод гьорлъ бугел квенал цIикIк1инаризе. Гьеб проект жеги балагьиялда гьоркь буго ва гIумроялде бахъинабиялъе ресал ралагьулел руго.

Школал: ремонтал

## ЛъикIаб къимат кьуна



I0 январалда РДялъул Правительствалъул пред А-М. Абулмусlимавасул тIадкъаялда рекъон районалде вачIун вукIана лъай кьеялъул министр Я.Бучаев.

Унсоколо районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовгун цадахъ Я. Бучаевас хал гьабуна Шамильхъала поселокалъул гьоркьохъеб школалъул лъимал хадурккун жанир цIализе ругел районалъул администрациялъул минаялъул лъабабилебгун ва ункъабилеб этажазда ремонталъул хIалтIаби унел куцалъул. Балагьана лъимал цIалиялъе гьарулел санагIалъабазухъ, ремонталъул качествалъухъ. Министрас гьенир гьарулел хIалтIабазе лъикIаб къимат кьуна.

**Ахихъан**

Районалъул газета
№ 3 (7806)
15 Январь Итни 2024 сон

2 гьумер

**Хасавюрт-МахІачхъала-Дербент шагьаразда хІалтІизе лъугьана электропоездал. Гьел руго ЭПЗД сериялъул алъго вагон бугел. Микроклиматалъул салоналъул оборудованиялъул кумекалдалъун хІалтІула гьел. Руго экологиялъул рахъалъ рацІадал, жанир руго туалетал, санагІатал гІодор чІезе бакІал. Поездал руго хинлъи жаниб бугел.**



Тарбия кьей

# Лъималазе гІоло кьураб гІумро



Балугьлъиялъул гІумроялде вахунаго щивав инсанасул пикрабазулъ букІуна цебе бугеб гІумроялъулъ щивлъун вукІинев абураб суал. РакІ-ракІалъ тІаса бищараб бугони, гьеб даимгоялъе цадахъги хутІула.

Анищ гІолиллъиялъулаб гІумроялдаго цІубараблъун букІана Унсоколо росулъа Умасарат МухІамадовалъул. Гьоркьохъеб школа лъугІарабго гьей цІализе лъугьана Буйнакск шагьаралда бугеб №3 педагоглъиялъулаб училищеялде. I97I соналда гьебги лъугІизабун, хІалтІизе лъугьана Унсоколо росулъ бугеб №I ясли-ахикье тарбия кьолей чІужулъун. Гьедин бачІинехъего лъималазул гІумроялда, гьел куцаялда, кинабго рахъалъ щвалде щвараллъун, сахаллъун ва лъай бугеллъун гІезариялда бухьараб хІалтІи тІаса бищана гьелъ.

Гьеб заманалда гІолилалда лъикІго бичІчІулаан гІицІго училище лъугІиялъ гІадан куцаялъул масъала рагІаракьанде щун тІубазабиялъе ресал кьолареблъи. Кинабго тун гьей цІализе лъугьана Дагъистаналъул педагогикияб институталъул тарихалъулаб факультеталде. Гьеб лъугІараб 1986 соналдаго гьабулеб хІалтІи дурусай, лъималазул гІумро талихІаблъун гьабиялъе хІадурарай Умасаратие лъай кьеялъул отделалъ лъикІаблъун бихьизабуна районалда бищунго кІудияб тІоцебесеб ясли-ахалъе нухмалъи гьабиялъул иш тІаде босизе. Гьений хІалтІулеб къокъабго заманалда районалъул лъай кьеялъул нухмалъиялда бихьана гІолохъанаб педагогалъул лъималазде, гьезие лъай кьеялдехун бугеб ракІ-ракІалъулаб балагьи ва гьеб соналдаго гІолилай ячана районалъулго ясли-ахазул хІалтІи камиллъизабиялъул мурадалда районалъул лъай кьеялъул отделалъул школазул гІумроялде рахинчІезул хІалтІи гьабулей методистлъун.

У. МухІамадовалъе лъай кьеялъул отделалъ кьураб характеристикаялда бихьизабулеб буго:- Умасарат МухІамадовалъул хІалтІул заманалда гІемерго лъикІлъана школалъул гІумроялде рахинчІезул учреждениязул хІалтІи. Гьелъ хасаб кІвар кьола ДОУялъул методикияб хІалтІи координациялъул къагІидаялъ гІуцІиялде, гьезул нухмалъулезе, цогидаги педагогазе ва эбел-инсуе гьабула хІалбихьиялъулаб кумек, гІуцІула семинарал, пайдаял материалал. Сундасаго цебе гьелъул жиндирго буго лъайгун тарбия кьеялъул хІалтІи гІуцІиялъе, жиндаго хадуб коллектив цІаялъе цІикІкІараб бажари, мурадалде щвеялъе ва цІияб технология хІалтІизабиялъе ясли-ахазул коллективго тІамиялъул мурадалда гьабулеб гІуцІиялъулаб хІалтІи.

Гьеб гуребги кинаб ясли-ахалда хал гьабуниги батула цІалулгун тарбия кьеялъул ишалда хурхун тематикаялъулгун фронталиял халгьаризул материалал. Гьенир чІван къотІун рихьизарун руго кІвар кьезе кколел данделъаби, НПК, рагьарал занятиял, утренникал, физкультураялъулал кьецал ва байрамал. Данделъабазда хІасилал гьарула т1аде кколел учреждениязул хІалтІул, хІисабалде росула хІалтІулъ ругел лъикІал ва гІоларел рахъал, бачІинахъего гІоларел рахъал лъугІизариялъе рихьизарула нухал,-абун.

Дун чанго нухалъ гІахьаллъана районалъул ясли-ахазул тадбиразда. ХІакъикъаталдаги ясли-ахазда гьарулел тадбирал рукІана, кинаб рахъалъ росаниги гІайиб чІвазе бакІ гьечІел, камилал, жавабчилъи бугел. Гьедин букІуна хІалтІи бищунго тІадегІанаб тІалабчилъиялда гІуцІулеб бугони, гьединав тІалабчилъиялъул гІадамал нухмалъиялдаги ругони. ТІад ругездасанлъидалха гІун бачІунеб гІелалъги мисал босулеб.

Цо-цоязе хІалтІи бук1уна жиндирго гІумро-яшавалъе пайдаялъе бугеб бакІлъун. Амма киданиги гьединаб тІаса-масгояб бербалагьи хІалтІудехун бук1унаро Умасаратил. Гьелъ кІвар кьеялда гъоркьаса рорчІизе толаро педкадрабазул тІаса рищиялъул рахъал, гьезул лъаялъул квалификация борхизабиялъул суалал методцолъиялда гьарула гьезул лъайгун махщел борхизабиялъе группаялъулалгун жалго жидедаго чІарал консультациял, хал ккола тарбия кьолезул лъаялъул квалицикация борхизабизе ритІиялда хадуб.

Гьелдаго цадахъ У. МухІамадовалда кидаго кІочон толаро цебетІураб хІалбихьи машгъур гьабизеги, гьеб тІибитІизабизеги. Методцолъиялда руго цогидазе пайда босизе цебетІураб хІалбихьи щвеялъе рес бугел рахъал. КІудияб кІвар кьеялда гъоркь буго педхІалтІухъабазул аттестациял гьари, гьединго хІажатазе кумек гьабиги.

Жинцаго жаваб кьолеб щибаб коллективалда У. МухІамадовалъ букІинабула ишалдехун гьира-шавкъалъулаб ахІвал-хІал, ч1езабула гьудул-гьалмагълъиялъулаб гьоркьоблъи щивасдасан т1алаб гьабула хайираб х1алт1ул х1асил бугоглъи.

Балъголъи гуро нухмалъиялда гІуцІарухъан вугони, хІалтІи тІокІкІараб букІунеблъи. Лъималазе талихІаб гІумро гІуцІиялъе кІикъоялда анцІила кІиго сонил хІаракатаб захІматалъул нух нахъа тана лъай кьеялъул ветеран Умасарат МухІамадовалъ. Гьел саназул захІматалъулъ букІинчІо цониги бичча-бихьан тей, кІвар гьечІолъи. Лъималазул букІинесеб х1алт1ул ва гІумро г1уц1иялъе тІад ругезул жавабчилъиялда бараб жо г1емер букІин лъикІго бичІула гьелда. У. МухІамадова ккола «Россиялъул Федерациялъул лъай кьеялъул хІурматияй хІалтІухъанги». Араб соналдаги Дагъистан Республикаялъул лъай кьеялъул министр Я. Бучаевасул рахъалдасан гьелъие щвана тІадегІанаб хІалтІиялъухъ Баркалаялъул Кагъат, мустахІикълъана цогидалги г1емерал шапакъатазе.

Умумазул аби буго гІумро унин тІамухъе,-ян абураб. У. МухІамадовалъ абуни нахъа тана кинабго рахъалъ тарбия щварал гІолеб гІел гІумроялъулъе нуха регІиялъе кинабго гьабураб мустахІикъаб захІматалъул нух.

**САНИЯТ КЪЕБЕДМУХІАМАДОВА**

# Лъималгун сапаралда

Дагъал церегІан къоязда Унсоколо районалъул Шамильхъала поселокалъул спортивияб школалъул директолр Шахбанов ТІагьир ТІагьировичасул жигарчилъиялдалъун, школалъул дирекциялда дандги бан, сапар бухьана Дагъистаналъул цо-цо бак1азде. Гьел щвана I5 спортсменгун цадахъ Ленинкент поселокалдаги ва гьединго МахІачхъала шагьаралдеги.

Леникенталда гьез зиярат гьабуна ТІагьирил ученик вукІарав, нилъедаса ватІалъарав, Россиялъулги Дунялалъулги вукІарав, призергугарухъан ТІалхІатов Къурбанил хабаде. Зияратги гьабун гьел щвана жиндир мунагьал чураяв Къурбанил эбел-инсул рокъореги. Гьениб мавлидалда, гІахьаллъиги гьабун ТІагьир ТІагьировичас жиндирго спортсменал рачана МахІачхъала шагьаралда бугеб гІажизал лъимал ругел «Забота» абураб интернат-Рокъоре.

Гьениве лъималги рачун вачІиналдего ТІагьирица къотІикъай гьабун букІана «Забота» рукъалъул нухмалъулей Ума Абубакаровалъулгун. Гьелъул гьариялдалъунги ТІ. ТІагьировичасул нухмалъиялдалъунги гьабураб сапарги букІана гьеб, Ума Абубакаровналъги, гьелъул хІалтІухъабазги цІакъ роха-хинлъун къабул гьаруна тІаде ахІун рач1арал гьалбал. Хадуб кІиябго командаялда гьоркьоб тІобитІана эркенаб гугариялъулги ва боксалъулги гьудуллъиялъул кьецал. Кьецазда бергьенлъиялъулаб кубок босана «Забота» командаялъ.

«Забота» командаялъе нухмалъи гьабулей гьелъул директор Ума Абубакаровна Качаловалъе гьеб бергьенлъиялъул кубок сайгъат гьабуна Шамильхъала поселокалъул спортшколалъул директор, Дагъистаналъул мустахІикъав тренер, Физкультураялъул ва Спорталъул Дагъистаналъул мустахІикъав хІалтІухъан, Дагъистаналъул лъай кьеялъул отличник ТІагьир ТІагьирович Шахбановас. ТІугьдузул квацІи Ума Г1абдурахІмановалъе сайгъат гьабуна. Шамильхъала поселокалъул спортсменаз. Шамильхъала поселокалъул спортсменазги, гьезул эбел-инсуцаги, тренеразги «Забота» рукъалъул лъималазе росун рукІана батІи-батІиял расанкІаби, ретІел-хьит ва гьединго гьезие сайгъат гьабуна квен-тІехалъул бачедаб столги.

Гьеб дандечІваялдаса киналго разиго ва роха-хинлъун хутІана. ТІ. ТІагьировас бищана гьеб сапаралъул аслияб мурад букІанин спортсменазда лъай ва бич1изаби тренерасулги цере ругел спортсменазулги гьоркьоб букІине кколеб гьоркьоблъиялъул ва гьудуллъи-гьалмагълъиялъулги, гьединго цоцадехун бугеб божиялъулги. КІиабизеги сапаралъул к1удияб пайда бук1ана спортсменазда жалго гІадал лъималаз гІумро гьабун бугеб куцалъул лъаялъе, гьезул зах1матаб г1умро бич1иялъе.

**С. МухІамадов**

Ахихъан
Районалъул газета
№ 3 (7806)
итни
15 январь 2024 г

3 гъумер

Садовод

Страница в номере

# (Страница прокурора Унцукульского района Абдурагима Маликова)

## С Днем работника прокуратуры

**Уважаемые сотрудники и служащие прокуратуры района!**

От имени администрации района, жителей муниципалитета, районного Собрания депутатов, Общественной Палаты и от себя лично поздравляю Вас с вашим профессиональным праздником!

Российская прокуратура - это надежная опора нашей государственности. Компетентность, глубокая порядочность, верность долгу - вот те качества, которые вам присущи. Вы стоите на защите правопорядка и законности. Ваш тяжелый, ответственный труд делает мир чище и добрее. Благодаря вам, наши дети спокойно играют во дворе, а мы выходим из дома с улыбкой. Желаем вам позитива, сил, энергии, бодрости, благополучия и блестящих успехов! Пусть все ваши начинания будут успешными! Приятными событиями и вся жизнь будет наполнена светом. Здоровья вам, вашим близким и родным!

**С уважением, глава МО**
**«Унцукульский район»**
**ИСА НУРМАГОМЕДОВ**

## 302 лет - прокуратуры России
## История органов прокуратуры

**Указ Петра I об учреждении Российской прокуратуры**

**12 января 1722 года в соответствии с Именным Высочайшим Указом Петра I Правительствующему Сенату была учреждена Российская прокуратура - «Надлежит быть при Сенате Генерал-прокурору и Обер-прокурору, а также во всякой Коллегии по прокурору, которые должны будут рапортовать Генерал-прокурору». При создании прокуратуры Петром I перед ней ставилась задача «уничтожить или ослабить зло, проистекающее из беспорядков в делах, неправосудия, взяточничества и беззакония».**

## Прокуратура Унцукульского района обязала сельские поселения принять меры к устранению нарушений законодательства о защите прав предпринимателей

Прокуратурой Унцукульского района проведена проверка исполнения органами местного самоуправления требований законодательства о защите прав юридических лиц и индивидуальных предпринимателей при осуществлении муниципального контроля.

Установлено, что информирование юридических лиц и индивидуальных предпринимателей по вопросам соблюдения обязательных требований, установленных муниципальными правовыми актами, в том числе посредством разъяснительной работы сельскими поселениями не проводилась.

В целях устранения выявленных нарушений закона прокуратурой района главам 12 сельских поселений района внесены представления.

По результатам их рассмотрения виновные лица привлечены к дисциплинарной ответственности. Принимаются меры к устранению нарушений закона.

## Приставы взыскалис недобросовестного лесозаготовительного предприятия более двух миллионов рублей

В Нижегородской области судебные приставы приняли меры к взысканию долга с лесозаготовительного предприятия, которое не выполняло свои договорные обязательства перед своими бизнес-партнерами. По данным Федеральной службы судебных приставов, предприятие задолжало более 2 миллионов рублей за поставленный лес и оказанные услуги.

Предприятие не погасило долг добровольно, поэтому приставы арестовали его имущество, включая технику, оборудование и транспортные средства, а также счета в банках. В результате давления службы деньги были перечислены на депозитный счет, а решения суда исполнены.

Судебные приставы напоминают, что неисполнение решений суда влечет за собой серьезные последствия для должников, вплоть до уголовной ответственности. Они призывают граждан и организации своевременно и полностью исполнять свои обязательства перед кредиторами и государством.

## Антикоррупционные полномочия органов прокуратуры

Органы прокуратуры наделены полномочиями по осуществлению проверок в рамках антикоррупционного законодательства в отношении государственных служащих при их увольнении с должности

Федеральным законом от 13.06.2023 № 258-ФЗ внесены изменения в ряд Федеральных законов, в том числе Федеральный закон от 17.01.1992№2202-1 «О прокуратуре Российской Федерации», Федеральный закон от 25.12.2008 № 273-ФЗ «О противодействии коррупции».

Предусмотрено, что в случае увольнения лица, на которое были распространены ограничения, запреты, требования о предотвращении или об урегулировании конфликта интересов и (или) обязанности, установленные в целях противодействия коррупции, и в отношении которого было принято решение об осуществлении проверки достоверности и полноты представленных им сведений о доходах, об имуществе и обязательствах имущественного характера и соблюдения вышеназванных ограничений и запретов, полученные в ходе такой проверки материалы передаются в органы прокуратуры в трехдневный срок после увольнения (прекращения полномочий) проверяемого лица.

На основании переданных материалов прокуроры принимают решение об осуществлении проверки достоверности и полноты представленных проверяемым лицом сведений о доходах, об имуществе и обязательствах имущественного характера, и (или) соблюдения ограничений и запретов, требований о предотвращении или об урегулировании конфликта интересов, и (или) исполнения обязанностей, установленных в целях противодействия коррупции. Указанная проверка не может проводиться по истечении шести месяцев со дня увольнения (прекращения полномочий) проверяемого лица.

Также прокуроры наделены полномочиями по обращению в суд с заявлением об изменении основания и формулировки увольнения (прекращения полномочий) проверяемого лица по результатам рассмотрения материалов проведенной проверки. В случае удовлетворения такого заявления формулировка увольнения (прекращения полномочий) будет изменена на увольнение (прекращение полномочий) лица в связи с утратой доверия за совершение коррупционного правонарушения.

### Подписан закон о продаже с аукциона жилья, изъятого у лиц, совершивших коррупционные правонарушения

Федеральным законом от 24.07.2023 № 354-ФЗ закреплено, что жилые помещения, поступившие в государственный жилищный фонд в результате совершения коррупционного правонарушения, или в отношении которых не представлены в соответствии с законодательством о противодействии коррупции сведения, подтверждающие их приобретение на законные доходы, приватизируются в порядке, установленном Федеральным законом от 21.12.2001 № 178-ФЗ «О приватизации государственного и муниципального имущества», с учетом предусматриваемых поправками особенностей.

При этом документом установлено, что приватизации подлежит жилое помещение, рыночная стоимость которого на вторичном рынке жилья превышает в два раза и более денежную сумму, определенную исходя из размера общей площади, умноженного на установленный показатель средней цены одного квадратного метра общей площади жилого помещения по соответствующему субъекту РФ.

## Сводка

Организация ПРОКУРАТУРА УНЦУКУЛЬСКОГО РАЙОНА из пгт Шамилькала по которой в сервисе Выписка Налог можно получить выписку с эцп или проверить организацию на надежность и платежеспособность, имеет реквизиты для проверки в нашей базе фирм ИНН 0533010228, ОГРН 1030501741896 и официальный офис компании находится по адресу 368948, Респ Дагестан, Унцукульский р-н, пгт Шамилькала. Так же можно узнать данные о регистрации в налоговой инспекции и дату создания компании, сведения о постановке в ПФР и ФСС, прибыль организации и бухгалтерский баланс ПРОКУРАТУРА УНЦУКУЛЬСКОГО РАЙОНА по данным Росстата, аффилированные лица Федеральное государственное казенное учреждение, ФИО директора и учредителей и их участия в управлении сторонними компаниями, реквизиты фирмы, фактический адрес местонахождения учредителя, основной вид деятельности и дополнительные коды ОКВЭД. С данными для проверки организации по ИНН и информации о ПРОКУРАТУРА УНЦУКУЛЬСКОГО РАЙОНА можно ознакомиться ниже или сразу заказать платную выписку в форме документа pdf с электронной подписью на вашу почту.

# БетIер-инсанасул аслу

(ГIадазул нах хвезабулеб анлъго гIамал)

**Генетика, внутриутробнияб цебетIей, лъимерлъуда щвараб тарбия, сверухълъи, квен, экология ва гIумро тIумулеб къагIида. Къокъго абуни induced киналъго асар гьабула гIадалзул нахуда тIад. Кинал гьеб хвезабулел жал ругел, нилъер интеллекталда тIад асар гьабулел ва цIиял нейронал лъугьиналъе квал-квалал сунца гьарулел?**

**I.Социалиял сетал**

- Жакъасеб къоялда бищунго кIвар бугеблъун ккола социалиял сетазда цIакъго рухьараллъун гIадамал рукIин. Гьедин рикIкIунеб буго СТЭН форденияб университеталъул гIалимзабаз. Щибаб-къойилаб хIисаб-суал гьечIого бачIунеб цифрабазулаб информациялъ гIемерго хвезабула ракIалда жо ч1ей. ЦIакъго квешаблъун гIадалзул нахуе ккола ципрополиял гIемерахъал. Цойдисан чанго ишал цадахъ гьариялъ, ай социалиял сайтазул лентаби реги, цадахъго видеоялъухъ балагьи, гьоркьосан цо лъидегIаги хъвадари, гIемерго къуваталда бакIлъи ккезе рес буго эпизодическияб памяталде, гьелъ чиясда бигьаго кIочона сипат-суратал ва лъугьа-бахъинал, чанго минуталъ цере ккаралцин ишал.

**2. Макьу гIолеб гьечIолъи.**

ЧIечIого макьу гIечIого рукIиналъ рачуна нейрогенезалде-заман щвелалдего мозг херлъиялде.

Хехго цIиял бухьенал гьариялъ цIиял клеткаби цIакъго гIодоре ккола, чиясул хехго ракIалъ жо боси, гьеб ракIалда чIей, цIияб информациялъе къимат кьей, цIакъго гIодобе ккола.

Макьу дагьаб букIиналъ дандечIей гьабула къватIисел зарал щвей къвинабизе:-гьеб гIицIго бугеб хIалалъе ва куцалъе къимат кьезе бажарунгутIи гуро кколеб, гьеб ккола гIемерго бугеб хIалалде кьолеб кIвар гIодобе ккейги. Гьединаб ахIвал-хIал гIумроялъе хIинкъи бугеблъунги ккола.

**3. Психостимуляторал**.

Гьекъел-мехтел,наркотическиял жал хIалтIизари, бокьараб къадаралда никотин щвей ккола нилъер гIадалзул нахуе ва интеллекталъе жибго чIвалеб ва ноладде гьелъул хIалтIи бачунеблъун. Цойги рахъалъ гьелъул буго чIвадарухъаналъул роль. Г1олилазе цIикIкIун бокьула жестяниял банкабахъ ругел энергетикал хIалтIизаризе. ЦIикIкIараб доза кофиналъул, тауриналъул ва чакаралъул гъорлъ бугел энергетиказ кумек гьабула цIикIкIараб къадаралъул аднералин бидулъе рехизе. Гьединал рекламабазда ругел гьекъолел жал хIалтIизариялъ организмалъе ккола бомбаялъул кьвагьи гIадаб асар. Гьелъ киналго рекIелгун бидурихьазул системаялде ва гIадалзул нахалде щвезабула цIикIкIараб кьаби. ЦIикIкIуна бетIер унти, гIодобе ккола ракIалда жо чIей.

**4.ЦIикIкIуна цинги бахъин**

Лъалищ нужеда ццин бахъулел гIадамал гIодоре риччаразда дандеккун гIадалал рукIунеблъи. Ццим бахъараб мехалъ чиясул бидулъ цIикIкIуна кортизол. Гьеб гормон цIикIкIараб асаргун хIалтIула гIадалзул нахулъ Префронталияб кора,ай пикру гьабиялъул, кIвар буссинабиялъул, ракIалда жо чIеялъул, хIисабалде гьабизе бугеб босиялъул бутIа хIалтIиялъул низам хола. ЦIикIкIараб къадар картизолалъулъ кальция букIиналъ хвезаризе рес буго клеткабиги.

**5.Шура-хъури дагьаб букIин.**

ГIадал нахул цIиял клеткаби рижиялъе цIикIкараб асар гьабула щура-хъури цIикIк1инабиялъ. ГIодоре риччараб гIумроялъ деформациялъ лъугьуна цо-цо нейроназе. ГIалимзабаз 20 соналъ цебего чIезабула I8-20 сонида жаниб щулалъулин чиясул мозгалъул структура, - абун. Амма бихьулеб букIахъе тIубараб гIумроялъго хиса-басиял унел рукIуна ботIролъ. ГIалимзабаз чIезабун буго физическияб тIадецуй гьечIони, нервабазул симпотическияб бутIаялда бихха-хвей лъугьунин. Англиялъул университеталъул гIалимзабаз чIезабун буго физическияб хIаракатчилъиялъ лъабго бутIаялъ гIодобе ккезабулин Альцгеймерил унти ккей,-абун.

**6. Нахъа гьабизеян хIалтIи тей**

Нахъа гьабизеян хIалтIи тей буго



гIемерисезулъ. Прокрастинация ккола чияс я хIалхьи яги хIалтIи гьабунгутIи. Гьедин чIвала гьес заман. Цо сунда тIадгIаги хIалтIани, мозгалъулъ алгоритм букIуна.

**Кин кумек гьабилеб?**

Щибаб къойил гьабе ракIалда жо чIеялъе квербакъи гьабулел упражнениял. Фильмабазухъ балагьун, цIияб тIехь цIалун хадуб гьелъул ракIалда чIараб хIасил бице. Чанго минуталъ балагье бокьараб картинаялъухъ, хадуб нахъе гьебги босун, ракIалде щвезаре киналго детялал. РекIехъе лъазаре кучIдул, цитатал. Кумек гьабула батIи-батIиял рагIабазе синоминал ва антонимал ратиялъги.

Дурго мозг букIине рес бугеб деградациялдаса цIуниялъе смартфон ва социалиял сетал хIалтIизаруларел къоял рукIинаре! ***РакIалде щвезабе;*** кигIан кIудияб рокьи ва пайда бачIунеб тIехь ва газета цIалиялъ. ХIаракат бахъе щибаб къойил пайдаябщинаб лъазабизе ва гьеб ракIалда чIезабизе.

**Вера Смирнова**

# О репродуктивном здоровье женщин и мужчин

В России 2024 год объявлен Годом семьи. Важный аспект семейной жизни — рождение детей. И здесь ключевую роль играет репродуктивное здоровье, которое складывается из физического, умственного и социального благополучия супругов. Заботиться о здоровье будущего ребенка нужно еще до его рождения, а лучше — на этапе планирования. Поэтому очень важно здоровье обоих родителей. Что касается взаимосвязи здоровья матери и ребенка, то она очень тесная. Если у мамы есть проблемы со здоровьем, то у ребенка риск заболеваемости тоже увеличивается. К сожалению, у нас не принята подготовка к беременности, которая очень важна. Когда женщина уже решила, что она хочет ребенка, к этому реально нужно готовиться. Надо сдавать ряд анализов, проверять гормоны, витамины и прочие анализы.

Когда женщина вступает в беременность, ребенок возьмет все с ее организма. Если она сама находится в дефицитах, то еще хуже загонит свое здоровье, которое потом долго будет восстанавливать и отказываться при этом от планирования второго ребенка. Особого акцента на это сегодня не делают, хотя это очень важно.

С 2024 года в программу обязательного медицинского страхования (ОМС) включат отдельный тариф на диспансеризацию работающих россиян, заявила вице–премьер Татьяна Голикова. В программе с отдельным тарифом ОМС предусмотрена диспансеризация мужчин и женщин, по оценке их репродуктивного здоровья, а также до 13 лет будет снижен возраст первой консультации гинеколога для девочек.

В России бесплатная диспансеризация доступна раз в три года для граждан до 40 лет и ежегодно для людей старше этого возраста. Ежегодное диспансерное наблюдение также полагается гражданам льготной категории.

**Буйнакский филиал ТФОМС**

Прогноз

# Какой будет 2024 г.

2024 год ознаменуется для мира синхронизацией событий, даст отсылки к 24 февраля 2022 года (у римлян 24.02 считалось високосным числом, а 2024 год как раз такой), следовательно, интересно развернется ситуация в противостоянии России и Украины, которое началось в эту знаковую дату.

Високосный год стремится не только синхронизировать процессы, но и восстановить утраченный баланс, и законную справедливость, всем раздавая по заслугам как жесткими методами (применяя силу и даже казни), так и дипломатическими – через формирование новых взаимовыручающих союзов и даже трех- или четырехугольников. Благодаря выборам, политические силы в мире уравниваются, потому что пополнятся с той стороны, где было меньшинство (возможно, речь идет о республиканцах и демократах у власти). Хотя населению будет казаться, что мы переживаем крен, но это происходит с целью переброса на золотую середину – так «съехавшая» композиция подстраивается под золотое сечение, чтобы мы смогли совершить правильный выбор, от которого зависит развитие ситуации в мире на ближайшие 5 лет, а в глобальном цикле на все 200.

2024 год экзаменует нас и проверяет на прочность перед завершающим 2025 годом. Посмотрим, как мы справимся.

Нас ожидает повсеместное введение новых законов, реформ, появление новых лиц на мировой арене, которые доселе были в тени, и громкие судебные разбирательства во многих странах, в том числе и в России, опять же как следствие выборов. Свидетели найдутся на все, и у нас наконец-то сложится полная картина за прошедшие 8-10 лет.

2024 год для России является одновременно завершением старых тенденций и приближением к новой эпохе – к смене режима, которое, возможно, произойдет уже в 2025 году. Но для нас, обывателей, может показаться, что пока ничего всерьез не меняется.


Газета основана 1937 г.

УЧРЕДИТЕЛЬ: Администрация Унцукульского района

Главный редактор

КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД

Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.

Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции: 51373 Унцукульский район п. Шамилькала ул. М. Дахадаева 3 Телефон редактора 89896522856 sadovoduns@yandex.ru 398940

Адрес издателя и типографии г. Махачкала «Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать - 15. 01. 2024г. 15. 40 фактически -16 . 30 мин.

........................................

Газета выходит 52 раз в год на аварском и русском языках Тираж - 988 экз.